

PONT OUVÈ FÈMEN NW 17TH AVENUE SOU MIAMI RIVER

FICH ENFÒMASYON ETID PWOJÈ DEVLOPMAN AK ANVIWÒNMAN (PDE)


ENFÒMASYON PWOJÈ A

Pon Ouvè fèmen NW 17th Avenue an te konstwi an 1929, e se sèl pon ki rete sou Miami River ki te bati nan kad emisyon obligasyon pou pon Harbor Bond Issue 1926 la. Pon sa a elijib pou yo antre li nan Rejis Nasyonal Plas Istorik.

Etid PD&E a enplike amelyorasyon potansyèl Pon Ouvè fèmen NW 17th Avenue ki sou Miami River a ak segman 0.5 mil NW 17th Avenue ale nan direksyon nò soti NW 7th Street rive NW 14th Street nan Vil Miami, Konte Miami-Dade. Sa ki fè pati ladan tou se ranp antre direksyon lwès SR 836/Dolphin Expressway soti NW 17th Avenue, ak NW North River Drive, soti NW 17th Avenue rive NW 13th Terrace.




LOKALIZASYON PWOJÈ A



FDOT gentan egzekite oswa li ap egzekite revizyon anviwònmanal la, konsiltasyon an, ak lòt aksyon lwa federal aplikab ezije pou pwojè sa a, konfòmman a lwa 23 United States Code (U.S.C.) § 327 ak yon Pwotokòl Dakò (MOU) nan dat 26 me 2022 ke Administrasyon Otowout Federal (FHWA) ak FDOT te egzekite.

POU KI SA ETID SA A NESESÈ?


Objektif etid sa a se evalye altènatif pou Pon Ouvè fèmen NW 17th Avenue an pou repara:



Altènatif tankou ranplasman oswa reyabilitasyon, te ka amelyore sikilasyon nan koridò a, abòde fyabilite operasyonèl pon an ak defayans fonksyonèl nou idantifye yo, epi ogmante sekirite piblik. Objektif adisyonèl pwojè a se ogmante mobilite nan NW 17th Avenue pou pyeton, siklis ak transpò piblik. Kanal navigasyon Miami River a pral sibi yon evalyasyon pou fè ogmantasyon espas orizontal ak vètikal pou amelyore sekirite epi redui kantite fwa pon an ap ouvè fèmen.

KWONOLOJI PWOJÈ A

NOU LA A



► ANGAJMAN KONTINYÈL AJANS LAN AK PIBLIK LA ►

RETE KONEKTE

786-714-2792 | 17AveBridgeStudy@miamidade.gov

Pou plis enfòmasyon, tanpri eskane kòd QR la oswa vizite
<https://www.miamidade.gov/global/transportation/public-works/nw-17-ave-bridge.page>

